NEW YORK citizen corps

# MWA PREPARASYON NASYONAL

PREPARE OU. BAY PATISIPASYON OU.

## Prepare Tèt Ou

- Kreye yon **plan-dijans** avèk fanmi ou. Idantifye kay yon zanmi kòm yon kote pou rankontre.
- **Pake yon Sak pou Deplasman** sizoka ou bezwen deplase vit (al gade palòtbò paj la pou jwenn detay).
- Konnen **kote ou prale** ak kimoun ki kapab ede ou apre yon katastwòf.
- Konprann dwa ou ak **sèvis ki disponib pou ou** anvan, pandan ak apre yon ijans.

## Pwoteje Dokiman Ou Yo

- Pou kapab jwenn pifò asistans ki posib, ou *dwe* genyen **tout dokiman ou yo** ak idantifikasyon ou.
- Fè **plizyè kopi** tout dokiman enpòtan ou epi kite yo nan kote diferan ki fèmen.
- **Fè** papye yo **vin pa ka mouye**. Pou fè sa, kite yo nan sache plastik ki fèmen.
- Asire ou kite **yon kopi dokiman yo** nan Sak pou Deplasman ou.

## Konnen Kote Ou Kapab Ale

- Anpil òganizasyon ki pa komèsyal ak òganizasyon relijye, tankou American Red Cross oswa Catholic Charities, ofri **sèvis pou katastwòf *san restriksyon* pou** *tout viktim yo,* kèlkeswa sitwayènte yo.
- **Poze kesyon**. Ijans se sitiyasyon ki bay tout moun konfizyon. Konprann sa ki disponib pou imigran ki genyen papye ak imigran ki pa genyen papye.
- **Mande pou jwenn èd yon entèprèt**. Anpil ajans genyen anplwaye ki pale diferan lang ki apa de lang Angle.

# LÒT ENFÒMASYON

**Lis Atik pou mete nan Sak pou Deplasman an**

*Ranpli sak ou avèk atik sa yo pou asire ou pare pou deplase sizoka genyen **nenpòt** ijans.*

- Kopi TOUT dokiman enpòtan nan yon resipyan ki pa ka mouye.
- Enfòmasyon kontak ak kote pou rankontre pou moun k ap viv lakay ou.
- Gadri, manje pou bèt kay ak lòt atik espesyal
- Lis medikaman ak enfòmasyon pou kontakte doktè
- Lòt twous kle machin ak twous kle kay
- Ti kantite lajan kach
- Dlo distile ak manje ki p ap gate
- Flach
- Radyo AM/FM ki fonksyone ak batri
- Twous premye swen
- Rad lejè ki pa ka mouye ak dra Mylar

## SIT WÈB AK RESOUS

### Liy Dirèk pou kontakte Imigrasyon

- **Liy Dirèk Imigrasyon Leta Nouyòk** 1-800-566-7636
  - Fonksyone 8AM-6PM lasemenn, sof jou ferye yo
  - Operatè yo pale Angle, Panyòl, Franse, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Polonè, Ris, Arab, Tik, Albanè, Masedonyen, Bosnyak, Sèbo-Kowat, Chinwa (Mandaren), Hindi, Oudou, Panjabi, ak Koreyen
- **Liy Dirèk Nasyonal pou Enfòmasyon ak Rekòmandasyon pou moun ki jwenn Azil** 1-800-354-0365
  - Liy dirèk nasyonal plizyè lang pou moun ki te jwenn azil politik Ozetazini.
- **Rele 311 pou jwenn lòt enfòmasyon konsènan preparasyon pou ijans.**

### Sit Wèb Itil

***Preparasyon Anvan yon Katastwòf:***

- **Nouyòk Pare:** www.NYC.gov/readyny
- **Citizen Corps Council:** www.NYC.gov/citizencorps
- **FEMA:** www.fema.gov/areyouready

***Sèvis Apre yon Katastwòf:***

- **Kalifikasyon Imigran pou Asistans pou Katastwòf:** www.nilc.org/ce/nilc/disaster_assistance
- **Èd FEMA:** www.fema.gov/assistance/dafaq

### Resous Konsila

- **Lachin, Hong Kong, Taywann:** www.nyconsulate.prchina.org 212-244 9456
- **Kolonbi:** www.consuladodecolombiany.com 212-798-9000
- **Repiblik Dominikèn:** www.portal.consuladord-ny.org 212-768-2480
- **Ekwatè:** www.consulecuadornewyork.com 212-808 0170
- **Lagiyàn:** 212-947-5110
- **Ayiti:** www.haitianconsulate-nyc.org 212-697-9767
- **Lenn:** www.indiacgny.org 212-774-0662
- **Jamayik:** www.congenjamaica-ny.org 212-935-9000
- **Meksik:** www.sre.gob.mx/nuevayork 212-217-6400
- **Trinidad ak Tobago:** www.ttcgnewyork.com 212-682-7272

OEM
New York City Office of Emergency Management